

12

oktòb

Si yon moun mande l : Poukisa tout mak blese sa yo sou ponyèt ou ? L a reponn : Se kay yon zanmi sa rive m. Zakari 13. 6

Li (Jezi) montre yo men li ak bò kòt li. Alò, lè disip yo wè se te Senyè a, yo te kontan. Jan 20. 19, 20

Blese yo ki nan men li an

Kat syèk anvan Jezi te vini sou latè, pwofèt Zakari te anonse ke yon jou yo va mande Kris la : “Poukisa tout mak blese sa yo nan men ou ?”. Pwofesi sa poko akonpli. Li va akonpli se lè kretyen peyi Izrayèl va pran konsyans ke Mesi ke y ap tann nan se Senyè Jezi, li menm ke zansèt yo yon jou te krisifye. Ak tristès, yo va reyalize ke se yo menm menm ki “zanmi” nan kay kote Mesi a te blese a. Yo va konprann ke mak blese sa yo se prèv lanmou Bondye pou yo. Senyè a va pale ak yo e yo va kouri repanti, e yo va adore li tou. Yo va rejwi menmjan ak disip Jezi yo ki te kontan anpil lè yo te wè li.

Rankont li ak pèp li a ki repanti a gen pou rive nan lavni. Men jodi a, lè kretyen yo reyini akote Senyè a pou yo selebre souvni lanmò li, li la nan mitan yo espirityèlman (Matye 18. 20). Nan yon fason, Jezi montre yo men li ak pye li yo ak mak klou yo. Li va ba yo pen ak diven pou fè yo sonje soufrans li ak lavi li ke li te ofri tankou yon sakrifis pou peche yo. Ala touche sa touche nou jis nan fon kè e pouse nou pou nou remèsye li, louwe li, adore li. “Tout lè nou manje pen sa epi nou bwè sa k nan gode sa a, se lanmò Senyè a n ap anonse pou jis li vini” (1 Korentyen 11. 26).

12

octobre

On lui dira : Quelles sont ces blessures à tes mains ? Et il dira : Celles dont j'ai été blessé dans la maison de mes amis. Zacharie 13. 6

Jésus... leur montra ses mains et son côté. Les disciples furent remplis de joie quand ils virent le Seigneur.

Jean 20. 19, 20

Les blessures à ses mains

Quatre siècles avant la venue de Jésus sur la terre, le prophète Zacharie a annoncé que l'on demanderait un jour au Christ : “Quelles sont ces blessures à tes mains?”. Cette prophétie ne s'est pas encore accomplie. Elle le sera lorsque les croyants en Israël prendront conscience que le Messie qu'ils attendent est le Seigneur Jésus, celui que leurs ancêtres ont un jour crucifié. Avec tristesse, ils réaliseront qu'ils sont eux-mêmes les “amis” dans la maison desquels le Messie a été blessé. Ils comprendront que ces cicatrices ineffaçables sont la preuve de l'amour de Dieu envers eux. Le Seigneur leur parlera et ils seront poussés à se repentir, mais aussi à adorer. Ils se réjouiront comme les disciples de Jésus qui ont été “remplis de joie” en le voyant.

Cette rencontre avec son peuple repentant est encore future. Mais aujourd'hui, lorsque les chrétiens se réunissent autour du Seigneur pour célébrer le souvenir de sa mort, il est spirituellement là, au milieu d'eux (Matthieu 18. 20). En quelque sorte, Jésus leur montre ses mains et ses pieds marqués par les traces de la crucifixion. Il leur présente le pain et la coupe de vin comme rappel de ses souffrances et de sa vie offerte en sacrifice pour leurs péchés. Combien cela nous touche profondément et nous amène à le remercier, le louer, l'adorer. “Toutes les fois que vous mangez ce pain et que vous buvez la coupe, vous annoncez la mort du Seigneur jusqu'à ce qu'il vienne” (1 Corinthiens 11. 26).